



Pou Piblikasyon Imedya: 05/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE VIL NEW YORK PRAL RANTRE NAN TWAZYÈM FAZ REYOUVÈTI A DEMEN SAN RESTORAN ENTÈN YO

0,84 Pousan Tès yo Te Fè Yè pou COVID-19 yo te Pozitif

8 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè

Konfime 533 ka kowonaviris adisyonèl nan Eta New York - sa ki fè kantite total nan tout Eta a rive 397,131; gen nouvo ka nan 42 Konte

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Vil New York pral rantre nan Twazyèm Faz reyouvèti a, men ke restoran entèn yo pa pral retounen ouvri. Gouvènè a te bay moun New York yo tou dènye enfòmasyon sou pwogrè Eta a pandan pandemi COVID-19 aktyèl la. Kantite nouvo ka yo, pousantaj tès ki te pozitif ak anpil lòt pwen enfòmasyon itil yo toujou disponib sou paj [forward.ny.gov](https://www.forward.ny.gov).

"Vil New York se yon zòn ibèn ki chaje moun, ki dans epi -- jiska resamman -- te episant global kriz COVID-19 la", **Gouvènè Cuomo te deklare.**"Nan kad anpil prekosyon epi apre nou te fin gade eksperyans lòt eta yo te fè ak restoran entèn yo, nou pral rete tann anvan nou retounen ouvri yo pandan Vil la ap vanse nan Twazyèm Faz la demen. Pandan n'ap fini ak wikenn konje sa a, mwen egzòte tout moun pou yo djanm nan New York: mete yon mask, kenbe distans sosyal, itilize dezenfektan pou men yo, epi kontinye ak pratik entelijan yo ki te fè eta nou an vin yon lidè nasyonal nan konbat viris lan. M'ap raple gouvènman lokal yo tou de responsabilite yo genyen pou fè aplike nòm yo ki te fè reyouvèti New York la sekirize epi reyisi."

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 832 (-12)
- **Pasyan ki Fèk Entèn nan Lopital** - 54 (-9)
- **Lopital Konte yo** - 28
- **Kantite ICU** - 178 (-12)
- **Kantite ICU nan entibasyon** - 116 (-3)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 70,968 (+91)
- **Kantite Lanmò** - 8
- **Kantite Lanmò Total** - 24,904

Sou 63,415 tès yo te reyalize nan Eta New York yè, 533, oswa 0,84 pousan, te pozitif. Pousantaj tès pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo se jan nou pral site la a:

REJYON	JEDI	VANDREDI	SAMDI
Rejyon Kapital	1.10%	0.90%	0.60%
New York Santral	0.90%	1.40%	1.50%
Finger Lakes	1.80%	0.70%	0.90%
Long Island	0.90%	1.00%	0.80%
Mid-Hudson	1.40%	1.10%	0.80%
Mohawk Valley	2.90%	1.20%	1.10%
Vil New York	1.50%	1.40%	0.90%
North Country	1.20%	0.30%	0.60%
Southern Tier	0.50%	0.90%	0.30%
Rejyon Lwès New York	1.70%	1.40%	0.70%

Gouvènè a te konfime tou 533 nouvo lòt ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 397,131 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 397,131 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se jan nou pral site la a:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	2,152	7
Allegany	63	0
Broome	753	1
Cattaraugus	127	0
Cayuga	120	0
Chautauqua	132	1
Chemung	146	0
Chenango	150	1
Clinton	103	2
Columbia	475	1
Cortland	51	1
Delaware	91	0
Dutchess	4,243	5
Èrie	7,475	13
Essex	48	1
Franklin	33	0
Fulton	261	0
Genesee	239	0
Greene	263	0
Hamilton	6	0
Herkimer	173	1
Jefferson	94	1
Lewis	31	0

Livingston	132	1
Madison	363	0
Monroe	3953	31
Montgomery	119	0
Nassau	42,031	43
Niagara	1,284	7
NYC	216,969	239
Oneida	1,742	17
Onondaga	2,949	21
Ontario	280	2
Orange	10,775	9
Orleans	282	0
Oswego	206	0
Otsego	86	0
Putnam	1,336	1
Rensselaer	565	2
Rockland	13,648	19
Saratoga	566	4
Schenectady	834	3
Schoharie	59	1
Schuyler	13	0
Seneca	71	1
St. Lawrence	224	1
Steuben	270	1
Suffolk	41,642	57
Sullivan	1,456	0
Tioga	146	1
Tompkins	179	1
Ulster	1,834	9
Warren	269	1
Washington	246	0
Wayne	185	2
Westchester	35,043	23
Wyoming	97	1
Yates	48	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)